

MEMORANDÒM

POU: Prezidan ak Manm
Kominote Lekòl Boston

DE: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An



Chèf SIJÈ: Sibvansyon pou

Apwobasyon DAT: 1ye Desanm

2021

W ap jwenn nan pyès jwent sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la nan dat 1ye Desanm 2021.
Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.



Lekòl Piblik Boston yo

Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan

Komite Lekòl Boston

Jeri Robinson, Prezidan

Vil Boston

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

1ye Desanm 2021

Montan	FY	Non Sibvansyon	Estati	Direktè Finansman	Domèn Konsantrasyon (yo)	Sit
\$353,423	2022	Modèl Sante Konpòtmantal Konplè (Comprehensive Behavior; Health Model, CBHM)	Nouvo	Andria Amador	Sante ak Byennèt	78 Sit
\$30,000	2022	Sibvansyon pou Aplikasyon Chimen Inovasyon (Innovation Pathways)	Nouvo	Tracey Kimsey	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	Excel High School
\$15,000	2022	Sibvansyon pou Aplikasyon Chimen Inovasyon (Innovation Pathways)	Nouvo	Kristen Almquist	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	Dearborn STEM Academy
\$60,739	2022	Anglè pou Nouvo Bostonyen yo	Nouvo	Kristen D'Avolio	Fòmasyon pou Granmoun	Madison Park High Lekòl
\$1,175,885	2022	Plan Sovtaj Ameriken – Timoun ak Jèn Sanzabri II	Nouvo	Brian Marques	Arisk	Nan Tout Distri a
\$525,000	2022	Sibvansyon pou MassGrad	Nouvo	Lydia Emmons	Arisk	13 Sit
\$180,000	2022	Premye jou nan inivèsite	Nouvo	Kristin Hunt	Preparasyon Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl	4 Sit
\$2,340,047	Total					

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22502

Non Sibvansyon: Modèl Sante Konpòtmantal Konplè (Comprehensive Behaviora; Health Model, CBHM)

Estat: Ogmante

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Jiyè 2021 – 30 Jen 2022

Sous Finansman: Prive

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: John Riordan- Boston Children's Hospital
Repè Center 6^{yèm} Etaj, East Boston, MA 02215
Telefòn: 617-919-3055
Imèl: John.Riordan@childrens.harvard.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Sèvis Sante Konpòtmantal (Behavioral Health Services)

Jesyonè Fon BPS: Andria Amador, Direktè Prensipal Sèvis Sante Konpòtmantal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Andria Amador, Direktè Prensipal Sèvis Sante Konpòtmantal yo

Montan Anyèl Pri a: \$353,423

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane):

Opsyon pou Repò a: Wi, avèk apwobasyon

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 34,000

Sit: 78 Lekòl CBHM

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Boston Children's Hospital ak UMASS Boston

Deskripsyon Sibvansyon

Sibvansyon sa pèmèt yo kontinye aplike ak elaji Modèl Sante Konpòtmantal Konplè (Comprehensive Behaviora; Health Model, CBHM) a nan 78 lekòl BPS k ap desèvi plis pase 34,000 elèv. CBHM founi yon kontinyòm prevansyon/pwomosyon, sèvis arisk ak sèvis entansif pou reponn ak bezwen sante konpòtmantal elèv yo. Nan kreye yon seri lekòl ki san danje epi ki solidè ak nan ranfòse kapasite anplwaye lekòl yo, CBHM ede soumonte obstak ki genyen nan aprantisaj yo. Eleman ki esansyèl nan CBHM yo se: MTSS antanke yon kad, patenarya ki entegre yo, depistaj inivèsèl ak entèvansyon ki baze sou evidans.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

- Y ap itilize \$115,335 dola nan sibvansyon sa pou finanse pòs Kowòdonatè Done ak Rechèch CBHM nan. Moun ki okipe pòs sa gen responsablite pou kolekte ak divilge done ki konsène aplikasyon ak rezilta CBHM yo.
- Y ap itilize \$121,654 dola nan sibvansyon sa pou finanse pòs Antrenè CBHM nan. Antrenè CBHM nan gen responsablite pou l ranfòse kapasite anplwaye BHS ak pou l sipòte konpetans ansanm ekip ki fè pati lekòl la.
- \$12,434 nan sibvansyon an pral peye pou depans endirèk yo.
- Y ap itilize \$99,000 dola pou achte pwogram etid Second Step SEL la pou lekòl K-8 ki fèk enskri nan CBHM yo pandan Ane Lekòl 2020-2021 an, zouti depistaj inivèsèl ak materyèl pedagogik.
- Y ap itilize \$5,000 dola pou yo divilge done ak rezilta CBHM yo ki gen ladan yo rapò anyèl, prezantasyon CGHM ansanm ak prezantasyon konferans yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objectif #1: Disi Jen 2022, y ap fè yon depistaj inivèsèl pou pwen fò/bezwen sosyal, emosyonèl ak konpòtmantal pou 78 nan Lekòl Piblik Boston (Boston Public Schools) yo.

Endikatè: To reyalizasyon BIMAS

Objektif#2: Disi Jen 2022, Komite Aplikasyon ak Rechèch CBHM lan pral evalye si yo aplike toutbonvre pwogram aprantisaj sosyo-emosyonèl yo, inisyativ ki pozitif pou klima lekòl la, ansanm ak ansèyman SEL nivo 1 (inivèsèl) an nan 78 lekòl BPS yo. Komite aplikasyon CBHM nan ansanm ak Komite Rechèch la se de ekip kolaboratif ki gen ladan yo BPS, pèsonel Boston Children's Hospital ak UMASS Boston ki asosye ak aplikasyon an ansanm ak rechèch/evalyasyon ki lye ak aplikasyon CBHM lan.

Endikatè: Eskò Envantè sou Fidelite ki Gradye (TFI) Nivo 1 an; jounal antrènman CBHM

Objectif # 3: Disi mwa Septanm 2022 a, Komite Aplikasyon ak Rechèch CBHM lan pral bay Gwoup travay Egzekitif CBHM lan mizajou regilye sou aplikasyon CBHM lan ak sou rezilta lekòl ak elèv yo. Komite sa pral travay nan tèt kole ansanm avèk lòt komite CBHM yo ansanm ak depatman ki nan distri a pou asire gen koyerans ak kominikasyon. Anplis, Komite Rechèch sa pral rezime tandans prensipal yo nan aplikasyon CBHM lan ak rezilta elèv yo pou yo kapab ajoute yo nan yon Rapò Anyèl, ke yo kapab distribye bay yon gran piblik ki gen ladan l aksyonè lokal yo, ansanm ak paran yo. (Nòt: Pifò nan sa yo ap fin reyalize disa mwa Jen 2022 a, sof Rapò Anyèl ki gen pou pibliye nan mwa Septanm 2022 a)

Endikatè: Rapò Anyèl CBHM

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25.

Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a)

1.8 Devlope kapasite pou abòde faktè sosyal ak sante ki kontribye nan lakin nan opòtinite, pa egzant - lafen, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sanzabri, ansanm ak idantite LGTQ+.

Pandan n ap aplike MTSS, n ap asire tout elèv yo gen aksè ak sèvis sante mantal ansanm ak entèvansyon ki baze evidans nan lekòl kote yo ye yo.

2.7 Fè chak lekòl vin yon espas sen pou chak elèv BPS, ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou aprann, grandi, epi pwospere.

Baz travay CBHM MTSS se ede lekòl yo devlope ak adopte yon seri anviwònman ki san danje epi ki solidè ki itilize yon seri pratik ki adapte ak kilti pou amelyore klima lekòl la.

4.3 Kenbe yon estanda efikasite òganizasyonèl ak ekselans pou fè sèten ke nou reponn ak bezwen elèv yo epi defini sèvis akademi fondasyonèl ak sèvis sipò ke tout lekòl dwe bay. MTSS se yon modèl k ap fè efò pou l bay tout elèv yo yon kontinyòm sipò sante konpòtmantal ak sipò akademik.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22541

Non Sibvansyon: Kòd Fon an 417: Sibvansyon pou Aplikasyon Chimen Inovasyon

Estati: Nouvo

Tip Sibvansyon: Pa Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021-30/06/2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Jenifer Gwatkin
Adrès, Ministè Edikasyon (Department of Education)
Telefòn
Imèl: jennifer.a.gwatkin2@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Excel High School

Jesyonè Pwogram BPS [Tracey Kimsey](#), Direktè Aprantisaj ak Patenarya nan Espas Travay

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Jerleen John, Responsab Lekòl Excel

Montan Anyèl Pri a \$30,000 Excel

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$30,000

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 50 Excel

Sit: Excel High school

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: DESE, The PIC, Young People's Project, DigitalReady,

Deskripsyon Sibvansyon

Tanpri, fè yon deskripsyon wo nivo ki gen ant 2 a 3 fraz sou sibvansyon sa a.

Objektif sibvansyon an se founi resous pou pwogram Innovation Pathway la pou yon lekòl k ap aplike deziyasyon Innovation Pathway DESE a pandan Ane Lekòl 2022 a. Chimen Inovasyon (Innovation Pathways) yo se yon estrikti ki egziste nan espas yon lekòl segondè ki fèt pou lye aprantisaj elèv la ak yon sektè endistriyèl ki defini defason jeneral ki sou demann nan ekonomi rejyonal ak ekonomi eta a. Lekòl yo eksplwate bonjan patenarya solid avèk anplwayè yo pou founi sanbilizasyon pwofesyonèl ak aktivite aprantisaj ki baze sou travay. Elèv yo pral patisipe nan yon seri kou ak eksperyans ki nesèsè pou yo kapab gen tit konpetans endistri a rekonèt.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Tanpri, fè yon deskripsyon sou eleman prensipal sibvansyon sa pral peye yo.

Excel High School

~ Y ap itilize 50% pou alokasyon pwofesè pou yo kapab elabore pwogram etid la

~ Y ap itilize 25% pou founiti ki lye yo pou yo kapab sipòte aprantisaj elèv la nan kou yo

~ Y ap itilize 25% pou transpò elèv yo ak deplasman ki lye ak fòmasyon pwofesyonèl pou pwofesè yo

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Objectif 1:

30-40 Excel High School Freshman pral chwazi pou kont li filyè Chimen Syans Enfòmatrik-IT (Computer Science-IT Pathway) sa ki pral ekspozè yo ak konpetans ak kontni ki aliye sou endistri a. 100% nan elèv yo ap gen aksè ak pwogram etid yo elabore nan kolaborasyon avèk patnè nan domèn Edikasyon Siperyè ak endistri.

Endikatè yo:

1. Elaborasyon ak aplikasyon materyèl rekritman ki fèt pou alafwa paran ak elèv yo
2. Dimansyon ak Sekans Entegre/Entèdisiplinè pou kou teknik, kou avanse ansanm ak opòtinite pou edikasyon pwofesyonèl
3. Inite, Evalyasyon Pèfòmans ak plan Kou Kotidyen pou kou ak eksperyans ki mansyone anwo yo
4. Atant ak silabis Pathway ki Komen pou tout kou yo
5. Si tan an pèmèt sa a: Plan pandan Tout Ane a pou vizit nan inivèsite, evalyasyon travay, panèl sou karyè nan endistri, pwonmnad nan chan yo

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22542

Non Sibvansyon: Kòd Fon an 417: Sibvansyon pou Aplikasyon Chimen Inovasyon

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Pa Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/07/2021-30/06/2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Jenifer Gwatkin
Adrès, Ministè Edikasyon (Department of Education)
Telefòn
Imèl: jennifer.a.gwatkin2@state.ma.us

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Dearborn STEM Academy
Jesyonèl Pwogram BPS Kristen Almquist, Direktè Preparasyon Inivèsite ak Chimen Karyè
Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Darlene Marcano, Responsab Lekòl DSA
Montan Anyèl Pri a \$15,000 - Dearborn

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$15,000

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsone biwo santral) ki desèvi: 50 Dearborn
Sit: Dearborn STEM Academy
Patnè Ekstèn Esansyèl yo: DESE, Brigham and Women's Hospital, The PIC

Deskripsyon Sibvansyon

Tanpri, fè yon deskripsyon wo nivo ki gen ant 2 a 3 fraz sou sibvansyon sa a.

Objektif sibvansyon an se founi resous pou pwogram Innovation Pathway la pou yon lekòl k ap aplike deziyasyon Innovation Pathway DESE a pandan Ane Lekòl 2022 a. Chimen Inovasyon (Innovation Pathways) yo se yon estrikti ki egziste nan espas yon lekòl segondè ki fèt pou lye aprantisaj elèv la ak yon sektè endistriyèl ki defini defason jeneral ki sou demann nan ekonomi rejyonal ak ekonomi eta a. Lekòl yo eksplwate bonjan patenarya solid avèk anplwayè yo pou founi sanbilizasyon pwofesyonèl ak aktivite aprantisaj ki baze sou travay. Elèv yo pral patisipe nan yon seri kou ak eksperyans ki nesèsè pou yo kapab gen tit konpetans endistri a rekonèt.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Tanpri, fè yon deskripsyon sou eleman prensipal sibvansyon sa pral peye yo.

Dearborn STEM

~ Y ap itilize 65% pou alokasyon pwofesè pou yo kapab elabore pwogram etid la

~ Y ap itilize 17% pou founiti ansèyman ki lye yo ke yo pral itilize pou yo kapab sipòte aprantisaj elèv la nan kou pathway yo

- Y ap itilize 18% pou transpò

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Revalizab, Revalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou

mezire pwogrè nan objektif la.

Objectif # 1: 20-30% nan tout elèv ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane nan Dearborn STEM Academy pral chwazi pou kont yo filyè Syans Sante ak Lavi sa ki pral ekspoze yo ak konpetans ak kontni ki aliye sou endistri. 100% nan elèv sa yo ap ekspoze ak yon pwogram etid yo elabore nan kolaborasyon ak patnè nan domèn Edikasyon Siperyè ak endistri yo.

Endikatè yo:

- 1) Elaborasyon ak aplikasyon materyèl rekritman ki fèt pou alafwa paran ak elèv yo nan mwa Mas 2021 an
- 2) Dimansyon ak Sekans Entegre/Entèdisiplinè pou Syans Sante ak Lavi, Istwa ak ELA, Inivèsite Kominotè nan Roxbury, ansanm ak Fòmasyon Pwofesyonèl PIC reyalize.
- 3) Inite, Evalyasyon Pèfòmans ak plan Kou Kotidyen pou kou ki mansyone anwo yo
- 4) Egzanp Silabis pou kou h pou preparasyon inivèsite yo
- 5) Atant ak silabis Pathway ki Komen pou tout kou DSA yo

Si tan an pèmèt sa a: Plan pandan Tout Ane a pou vizit nan inivèsite, evalyasyon travay, panèl sou karyè nan endistri, pwonmnad nan chan yo

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22673

Non Sibvansyon:

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 01/11/21-31/08/22

Sous Finansman: Prive, Anglè pou Nouvo Bostonyen yo
Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Claudia Green
Direktè Jeneral
Anglè pou Nouvo Bostonyen yo
105 Chauncy St. 4th floor
Boston, MA 02111
cgreen@englishfornewbostonians.org

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Ministè Edikasyon pou Adilt

Jesyonè Pwogram BPS Kristen D'Avolio Non ak fonksyon: Direktè Prensipal

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio Non ak fonksyon: Direktè Prensipal

Montan Anyèl Pri a: \$60,739

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$155,000

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: 1 pwofesè, 1 antrenè, 15 elèv

Sit: Edikasyon pou Adilt Endike "Districtwide" (Nan tout distri a) oswa nonmen yon seri lekòl espesifik: Boston Central Adult High School

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Anglè pou Nouvo Bostonyen yo

Deskripsyon Sibvansyon

Inisyativ pou Avni Imgran yo nan Endistri Alimantè (Immigrant Futures in the Food Industry, IFFI) a se yon modèl ki adapte ak kilti ki entegre Anglè, sante ak sekirite, konpetans pwofesyonèl, konpetans pèsonèl pou prepare imigran yo pou yo kapab antre ak pwogrese nan sektè fabrikasyon pwodui alimantè a nan Boston ak nan rejyon Nò Metwopoliten an. IFFI pral desèvi 36-40 patisipan pandan yon peryòd 18 mwa, avèk yon apwòch inovan ki melanje ansèyman lang ak konesans nimerik ansanm gras ak fòmasyon ak antrenman pandan ak apre yo fin anboche travayè yo. Sibvansyon sa kouvri 1ye kòwòt la pandan 1ye ane a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peve

EGZANP:

~y ap alouwe 50% nan sibvansyon an nan ansèyman ak aprantisaj

~y ap itilize 25% pou sipòte moun pou yo jwenn travay ak rete nan travay.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

EGZANP:

Objektif #1: Tout aplikan pral swiv kou Sekirite Alimantè ak Alèjèn Alimantè, Bonjan Pratik Fabrikasyon apre 20 semèn ansèyman.

Endikatè: Prezans, konplete devwa kou yo, te demontre kapasite pou egzekite konpetans endistri yo. .

Objektif #2: Disi mwa Jen 2021 an, yon ajans ki afilye ak nou pral anplwaye 12 patisipan epi y ap kenbe travay la pandan 3 mwa.

Endikatè: Dosye anplwa yo.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

Sibvansyon sa adapte ak Priyorite nimewo 6 BPS la, Lanse Patenarya. Lekòl BPS yo pral etabli patenarya avèk kominote a, anplwayè a, ansanm ak òganizasyon pou ansèyman siperyè yo ki pwolonje aprantisaj la odela nivo salklas la epi y ap kreye chimen pou reyisi nan inivèsite ak karyè. Sibvansyon sa pèmèt elèv yo benefisye fòmasyon sou anplwa.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22671

Non Sibvansyon: FY2022: Plan Sovtaj Ameriken – Timoun ak Jèn Sanzabri II

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Alokasyon

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: Dat Apwobasyon jiska 31/08/2022

Sous Finansman: Eta/Federal/Prive/Lokal (Vil): Federal atravè Eta a

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Sarah Slautterback Ministè Edikasyon Primè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education)

Adrès Moun K'ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781-338-3399

Imèl Moun k Ap Bay Sibvansyon an: sslautterback@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman Opòtinite Jenès

Jesyonèl Pwogram BPS Brian Marques, Direktè Prensipal Opportunity Youth

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Brian Marques, Direktè Prensipal Opportunity Youth

Montan Anyèl Pri a :\$1,175,885

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): Pa Aplikab

Opsyon pou Repò a: Wi

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: 4,000

Sit: Tout lekòl BPS yo

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: FamilyAid Boston, Inc., Otorite Lojman nan Boston (Boston Housing Authority, BHA)

Deskripsyon Sibvansyon:

Pandan nou rekonèt pri lavi a ki elve nan Boston nan, ansanm ak limit sou revni pou pwogram asistans pou lwaye ki deja egziste nan eta ak vil la, y ap itilize finansman ARP II pou kontinye konplete asistans finansyè pou ka ijans ansanm ak sèvis pou anpeche moun vin sanzabri nan ane FY23 ak FY24 la, ansanm ak mantora akademik ki asosye yo pou elèv nou plis priyorize yo soti ane FY22 rive ane FY24 la. Sa ap esansyèl pandan fanmi yo ap kontinye reprann yo anba efè pandemi COVID-19 la nan ane k ap vini yo. Sèvis pou jesyon ka yo pral gen kontra pou yo sipòte fanmi ki poko gen yon founisè asosye oswa fanmi depans ijans yo pa admisib nan kad sèvis ki deja egziste yo. Jesyonè ka yo pral travay avèk fanmi yo pou yo kapab eksplwate depans pou asistans lwaye ak asistans pou ijans ki deja egziste yo antanke premye priyorite apresa y ap eksplwate finansman yo akòde atravè sibvansyon sa pou yo founi asistans pou lòt depans yo.

Y ap itilize finansman Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) II a pou konplete divès lòt sous finansman pou yo kapab ankouraje sèvis akademik ak sèvis jesyon ka ki amelyore yo, pandan y ap konble lakin prensipal ki genyen nan pwogram pou estabilizasyon lojman ki deja egziste yo pou anpeche 150 nan fanmi nou genyen ki pi vilnerab tonbe nan sitiyojan sanzabri. Antanke vizyon oryantasyon nan tout efò sa yo, BPS aplike yon pèspektiv anti-rasis pou yo asire yo entegre pratik ki dirab ni sou plan lengwistik ni sou plan kiltirèl yo pou yo kapab reponn ak bezwen endividyèl elèv ak fanmi yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Y ap itilize sibvansyon ARP II a pou bay sèvis esansyèl pou jesyon ka, sèvis pou anpeche moun vin sanzabri, sèvis rechèch lojman ak sèvis global yo pou anpeche elèv ak fanmi k ap viv nan lojman ki danje yo tonbe nan sityasyon sanzabri, pandan l ap ede sila yo ki sanzanbri aktyèlman yo oryante yo nan sistèm refij ak estabilite lojman nan Boston nan. Finansman sa pral pèmèt BPS relanse sèvis pou anpeche sityasyon sanzabri k ap ogmante a, pandan l ap soutni inisyativ la pandan yon peryòd ki dire twa mwa. Epitou, y ap itilize finansman sa a pou konplete, men pa pou ranplase, divès resous federal, resous vil la ak eta a. BPS, nan kolaborasyon li avèk lòt ajans ki nan vil la ak eta a, ap kowòdone yon pakèt sous finansman pou ogmante enpak pou elèv ak fanmi k ap viv nan lojman ki danje yo.

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Objektif #1: Founi sèvis ki devouwe pou asistans ijans ak pou anpeche moun vin sanzabri ansanm ak jesyon ka ki konplete, men ki pa ranplase, pwogram ki deja egziste nan vil la ak eta a.

Endikatè yo:

- Kantite elèv ak fanmi yo refere nan pwogram kupon pou lojman an
- Kantite elèv ak fanmi ki jwenn lojman
- Kantite elèv ak fanmi yo refere nan sèvis pou anpeche moun vin sanzabri yo
- Rezilta akademik pou elèv ki nan lojman ki estab yo

Objektif #2: Konplete seri fòmasyon pwofesyonèl ki kontini pou aksè nan abri ak lojman gras ak sistèm oryantasyon ki devouwe epi ki bay aksè byen fasil la ansanm ak sèvis pou estabilizasyon lojman ak jesyon ka ki gen kontra yo.

Endikatè:

- Kantite Ajan Lyezon pou Sanzabri ki nan Lekòl la k ap patisipe nan atelye yo
- Patisipasyon ak angajman aktif nan atelye yo
- Repons ak evalyasyon fòmilè pou evalyasyon atelye a
- To prezans ak to absans kwonik pou elèv ki sanzabri yo (estabilite kòm yon mwayen pou estabilite edikatif)
- Kantite yo refere nan pwogram ak patnè pou estabilite lojman BPS yo

**Tanpri, presize nan ki nivo sibvansyon sa aliye ak Priyorite ak [Angajman Vizyon Estratejik 20/25 distri a](#).
Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)**

Sibvansyon ARP II a aliye ak Angajman Vizyon Estratejik ki vini annapre yo:

- *1.8 Devlope kapasite pou abòde faktè sosyal ak sante ki kontribye nan lakin nan opòtinite, pa egzanp - lafen, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sanzabri, anssanm ak idantite LGTQ+.*
 - Gras ak patenarya kominotè yo, pwogram ki jwenn finansman yo bay sèvis ak sipò global pou abòde pwoblèm lafen, maladi kwonik, sante mantal ak sanzabri.
- *4.5 Asire ke tout lekòl BPS ak depatman biwo santral kolabore avèk fanmi yo, jèn ki nan lokalite yo - ak patnè fanmi ak ajans sèvis yo pou yo asire yo ke fanmi yo konnen e jwenn aksè ak resous yo bezwen pou sipòte pwogrè elèv yo anndan ak deyò salklas la.*
 - Antre an patenarya avèk yon seri ajans ki konsantre sou jèn ak fanmi pou asire yo sansibilize fanmi yo sou resous yo ak pèmèt yo gen aksè ak yo sa ki pral elimine obstak, ogmante estabilite edikatif ak ankouraje pwogrè elèv la anndan ak deyò salklas la.
- *6.5 Angaje patnè esansyèl yo nan pwosesis pou pran desizyon an pou kapab oryante ak devlope yon seri sèvis global ki koyeran pandan tout ane a, ansanm ak eksperyans aprantisaj ak pwogram pou elèv yo.*
 - Inisyativ sa angaje patnè entè-ajans yo nan pwosesis pou pran desizyon an pou ede yo oryante ak devlope yon seri pwogram ak sèvis global ki koyeran pandan tout ane a pou elèv k ap viv nan lojman ki danje yo, ki se youn nan popilasyon nou genyen ki pi vilnerab.
 -

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22540

Non Sibvansyon: **Sibvansyon Pratik ki Pwomèt nan MassGrad**

Estat: **Nouvo**

Tip Sibvansyon: **Pa konpetitif?**

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: **Novanm 2021 – Out 2022**

Sous Finansman: **Eta**

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Dr. Sidney Brown, Direktè
75 Malcolm X Blvd
Roxbury, MA 02120

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): **13 Lekòl Segondè**

Jesyonè Fon BPS: **Yvonne Macrae – ymacrae@bostonpublicschools.org**

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Yvonne Macrae

Montan Anyèl Pri a **\$525,000**

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): **\$525,000**

Opsyon pou Repò a: Non

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki desèvi: **200**

Sit: **Madison Park Technical Vocational HS**

Patnè Ekstèn Esansyèl yo:

Deskripsyon Sibvansyon

Tanpri, fè yon deskripsyon wo nivo ki gen ant 2 a 3 fraz sou sibvansyon sa a.

Sibvansyon an pral pèmèt yo reponn ak bezwen sosyal, emosyonèl, ak/oswa bezwen sante elèv yo vize yo atravè Pwogram Rites of Passage lan.

Modèl pwogram COSEBOC Rites of Passage la mennen tigason ak jèn gason ki gen koulè yo nan eta adilt ki an sante pandan l ap santre eksperyans yo sou don yo, idantite kiltirèl ak istorik yo, devlopman karaktè, devlopman lidèchip, eksplwatasyon karyè, ansanm ak ekspozisyon nan gwo eksperyans ki enspire ekselans ak eritaj. Li ofri eksperyans edikatif ak eksperyans lavi ki ede oryante elèv yo atravè yon seri obstak ki pèmèt yo geri, grandi, ak pwospere fas ak estrès ak twomatis kwonik. Nan modèl COSEBOC la, yo pa konsidere twomatis kòm yon eksperyans yo ta dwe inyore. Men li pito reprezante yon opòtinite pou tigason yo ak jèn gason yo devlope fòs ak reziyans – pou tèt yo, fanmi yo, ak pou kominote yo.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Tanpri, fè yon deskripsyon sou eleman prensipal sibvansyon sa pral peye yo.

Alokasyon pou pwofesè ak anplwaye sipò yo
Sèvis kontraktyèl

Deplasman pou elèv ak anplwaye yo Teknoloji

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Revalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak Endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantre sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Objektif 1: To prezans kotidyen an mwayèn (ADA) nan pral ogmante pou moun k ap patisipe nan pwogram nan a 3% pa rapò ak to prezans ane ki sot pase a.

Endikatè: Kontwòl chak mwa sou to ADA yo pou moun ki patisipe nan pwogram nan

Objektif 2: 80% nan moun ki patisipe nan pwogram nan pral ratrape kou avan yo ki obligatwa pou pwomosyon ak gradyasyon an dis 30 Jen 2019.

Endikatè: Reyisi fini ak pase kou ki obligatwa yo

Objektif 3: 100% nan elèv yo pral reponn ak egzijans MCAS oswa egzijans pòtfolyo MCAS yo pou gradyasyon.

Endikatè: Rezilta MCAS oswa detèminasyon pòtfolyo MCAS

Objektif 4: Ap gen yon redikasyon 50% nan oryantasyon disiplin pou moun ki patisipe nan pwogram nan.

Endikatè: Rapò disiplin elèv yo

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS22623

Non Sibvansyon: **FC 460 – Sibvansyon Sipò pou Preparasyon Inivèsite**

Estat: **Nouvo**

Tip Sibvansyon: **Konpetitif**

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: **Aprè Apwobasyon (Desanm 2021) – 30/06/2022**

Sous Finansman: **Eta**

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: **Kristin Hunt**
Adrès: **75 Pleasant St, Malden, MA 02148**
Telefòn: **781-661-8257**
Imèl: **Kristin.Hunt@doe.mass.edu**

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): **4 Lekòl Segondè**

Jesyonèl Pwogram BPS **Yvonne Macrae**

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: **Yvonne Macrae**

Montan Anyèl Pri a **180 000,00\$**

Montan Total Pri a (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): **Pa Aplikab**

Opsyon pou Repò a: **Non**

Anviwon # elèv (oswa pwofesè, manm pèsonèl biwo santral) ki desèvi: **110 elèv / 8 anplwaye**

Sit: **New Mission High, Charlestown High, Dearborn, Fenway**

Patnè Ekstèn Esansyèl yo: Plizyè – pami yo gen **Wentworth Institute of Technology**

Deskripsyon Sibvansyon

Sa se yon sibvansyon pou planifikasyon pou sipòte devlopman kontini ak lansman pwogram New Mission's Early College la an kolaborasyon ak Wentworth Institute of Technology. Akyèlman, nou gen apaprè 150 elèv ki nan klas 9yèm ane ki enskri nan kou eksplorasyon nou an. Nou espere 70% ladan l yo ap kontinmye nan klas 10yèm ane a, ki se lè pwogram doub enskripsyon an kòmans, kote elèv yo kòmans genyen kredi pou Preparasyon Inivèsite. Sibvansyon sa bay finansman pou sipòtman devlopman pwogram nan—aliyman pwogram etid, sipò pou elèv ki se Aprenan Anglè yo ansanm ak elèv ki gen andikap yo, ak estrateji pou rekritman ak angajman famiyal—ak pou reponn ak bezwen ki konsène founiti/materyèl nan pwogram sa a.

Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

~Y ap itilize 27% nan sibvansyon sa pou travay ki gen rapò ak aliyman pwogram etid la ak pou jere pwogram nan
~Y ap itilize ~14% nan sibvansyon sa pou konseptyalizasyon pwogram ak sipò ki entegre pou Aprenan Angle (EL) yo ansanm ak Elèv ki Gen Andikap (SWD) yo
~Y ap itilize 10% nan sibvansyon sa pou rekritman, sansibilizasyon kominotè, ak angajman famiyal
~Y ap itilize ~17% nan sibvansyon sa pou founiti/materyèl pou kou eskpwatasyon klas 9yèm ane a
~Y ap itilize ~31% nan sibvansyon sa pou founiti/materyèl pou kou ki gen doub enskripsyon yo
~Y ap itilize ~3% nan sibvansyon sa pou depans endirèk

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan

Tanpri detaye jiska 3 Objektif ak Endikatè SMART pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe kaptire yon rezilta ki konsantrè sou elèv la epi ki kantifyab, nan sibvansyon an. Chak endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Objektif # 1: Objektif Enskripsyon: Nan apeprè 150 elèv ki enskri aktyèlman nan yon kou eksplwatasyon pou klas 9yèm ane a, gen omwen 70% ladan yo k ap kontinye patisipe defason ofisyèl nan pwogram pou Preparasyon Inivèsite a, pandan y ap swiv kou ki gen doub enskripsyon yo an kolaborasyon ak Wentworth Institute of Technology, nan klas 10yèm ane a.

Endikatè: Done sou kantite elèv ki ensri nan ASPEN (yo analize yo mwa Me/Jen 2022 a ak nan mwa Oktòb 2022 a)

Objektif #2: Objektif Pèfòmans Kou a: Nan apeprè 300 elèv ki enskri aktyèlman nan kou eksplwatasyon pou klas 9yèm ane a, gen omwen 80% ladan yo ki pral fè yon nòt C+ oswa pi plis, sa ki garanti yo prepare sou plan akademik pou rigè ki genyen nan kou ki gen doub enskripsyon yo.

Endikatè: Done sou pèfòmans nan kou a nan ASPEN (yo analize yo nan mwa Jen 2022 a)

Objektif #3: Objektif Planifikasyon Pwogram nan: Omwen de sipò espesifik ki entegre pou alafwa elèv ki se Aprenan Anglè ak elèv ki gen andikap yo ap fèt pou—pou yo aplike yo pandan y ap lanse kou ki gen doub enskripsyon yo nan mwa Septanm 2022 a—pou asire elèv sa yo kapab reyisi nan program pou Preparasyon Inivèsite nou an.

Endikatè: Yo soumèt dokiman plan sipò ki entegre a nan kad aplikasyon pou Preparasyon Inivèsite Pati B a (nan mwa Desanm 2021 an) epi se ekip New Mission Early College la ki bay plis eksplikasyon sou li pandan prentan 2022 a.

Tanpri presize ke sibvansyon sa a aliye ak Angajman ak Priyorite Vizyon Distri a pou ane 20/25. Tanpri Site yo anba a: (gade dokiman ki atache a – ale nan (paj 59)

- 01 Elimine Lakin nan Opòtinite ak Reyisit
 - 1,3
 - 1,4
 - 1,6
- 02 Akselere Aprantisaj la
 - 2,1
 - 2,3
 - 2,5
- 03 Bay Lide Valè
 - 3,1
 - 3,2